



Pou Piblikasyon Imedya: 28/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU PASAJ LWA SOU CHIPS AK SYANS LAN

"Pasaj Lwa sou CHIPS ak Syans (CHIPS and Science Act) federal la pral kreye yon avni ekonomik ki pi solid, ki pi briyan pou New York. Gras ak Senatè Schumer ak Gillibrand ak manm delegasyon Kongrè New York la, pwojè lwa sa a pral ede pozisyon Etazini kòm yon lidè mondyal nan pwodwi pis yo ki alimante telefòn nou yo, machin yo, ak òdinatè nou yo. Ak depans fwaye yo ki nan yon nivo ki bat rekò ak ogmantasyon enflasyon yon fason konstan, Lwas sou CHIPS ak Syans lan pral ranfòse inovasyon, kreye bon djòb fabrikasyon, epi fè teknoloji chak jou a pi abòdab. Mwen pa ka tann siyati Prezidan Biden sou lejislasyon istorik sa a.

"Isit la nan New York, Lwa sou CHIPS ak Syans lan pral pote tou investisman rekò ak anpil travay nan zòn endistriyèl yo, se poutèt sa n ap travay di tou nan nivo eta a pou solidifye estati nou kòm yon lidè nan pwodiksyon pis. Pwojè lwa Green CHIPS York la, ki te pase an gran majorite nan lejislati a ak sipò bilateral la, pral devlope endistri semi-conducteurs eta a yon fason responsab ak dirab ak gwo investisman nan mendèv ak devlopman kominotè. Konbinezon pwojè lwa CHIPS eta a ak federal la - anplis drezèb talan divèsifye nou an, resous lokal rich, ak investisman kontinyèl - pral ede New York kreye djòb ak teknoloji 21èm syèk epi vin tounen yon kapital mondyal pou fabrikasyon pis."

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418